

Konsantaman Patisipan pou Pwogram Healthy Beginnings

Pwogram Healthy Beginnings nan bay plizyè ajans kominotè ki ap travay ansanm tankou yon sèl pwogram kontra pou bay tès, evalyasyon ak yon varyete prevansyon pou sèvis entèvansyon bonè bonè pou timoun ak fanmi ki kalifye.

Fòm konsantman sa a ki siyen an siyifi ke mwenmenm ak pitit mwen ki minè, kit yo gen non yo make pi ba a oswa kit yo vin fèt nan lespas ennan apatide lè mwen siyen fòm sa a, nou dakò pou patisipe nan Pwogram Healthy Beginnings nan ki opera tankou yon sèl pwogram ki konsantre l sou ede timoun fèt ansante, asire yo ke timoun yo pa viktim abi ak neglijan, epi rantrè lekòl tou pare pou aprann. Sèvis yo kapab gen ladan yo: evalyasyon, tès, tretman, rekòmandasyon pou sèvis ki ap sipòte fanmi yo reyalize objektif yo idantifye.

Mwen konprann:

- Tout enfòmasyon yo kolekte osijè mwenmenm ak pitit mwen ki minè ki ap patisipe nan pwogram ak sèvis sa yo, y ap pwoteje yo kont divilgasyon ak move itilizasyon tankou sa dekri nan Rekòmandasyon Sou Pratik Pou Kenbe Enfòmasyon Anprive dapre sa *HIPAA* mande.
- Sèvis yo ofri nan Pwogram Healthy Beginnings yo, yo volontè epi mwen genyen dwa pou m patisipe nan sèvis mwen twouve ki apwopriye yo.
- Mwen gen dwa pou m refize plan sèvis la oswa mande pou yo chanje estaf anplwaye ki ap travay ak mwen an oswa ajans ki ap ban m sèvis la, si genyen plis pase yon ajans, san mwen pa riske pa jwenn sèvis.
- Mwen genyen dwa pou yo tande epi bay repons a tout konplent, kesyon oswa sijesyon mwen ta kapab genyen.
- Mwen genyen dwa pou anile konsantman mwen, alekri, epi sispann patisipasyon m nan sèvis yo nenpòt lè. (Lè mwen anile konsantman m pou patisipe, sa pa p anpeche mwen jwenn tretman ak sèvis pi devan si m ta bezwen.)
- Mwen gen dwa pou m atann mwen aske ajans yo bay sèvis konpetan, bon kalite, epi san diskriminasyon.
- Konsantman sa a ke mwen siyen an otorize ajans ki ap patisipe nan pwogram nan pou tabli yon plan pou fanmi m, pou kenbe dosye kliyan epi mete enfòmasyon pèsonèl mwen nan yon bank done pou kliyan. Enfòmasyon y ap kolekte yo kapab genyen ladan yo: demografi, rezilta evalyasyon ak tès, rekòmandasyon pou lòt sèvis, plan tretman, ak nòt sou pwogrè ak sou dosye a. Enfòmasyon sa yo ap disponib pou ajans ki ap patisipe nan pwogram nan epi ki ap travay dirèkteman ak mwen epi fanmi m pou planifye ak bay sèvis.
- Yo kapab fè entèvyou ak fanmi m pou odit oswa kontwòl administratif, fiskal, oswa pou evalyasyon; se kapab tou pou asire kalite sèvis yo. Nan ka sa a yo gen dwa pataje enfòmasyon m yo ak lòt ajans pou kapab evalye enpak pwogram nan. Kèlkeswa rapò yo ekri apati de entèvyou sa a, li pa p genyen okenn enfòmasyon ki ap pèmèt yo idantifye fanmi m.
- Ajans ki ap patisipe nan pwogram sa a ap obeyi ak lwa eta a ki mande pou rapòte si yo sispèk yon timoun abize oswa neglije.

_____ Inisyal mwen anba a vle di ke mwen te gen chans poze kesyon osijè Pwogram Healthy Beginnings nan, ke yo te reponn kesyon mwen yo, epi yo te banmwen yon kopi **Rekòmandasyon Sou Pratik Pou Kenbe Enfòmasyon Anprive** pou m li epi kenbe nan dosye m.

Aprè mwen revize tout enfòmasyon ki sou fòm sa a, mwen bay konsantman mwen pou m patisipe, ak, si li aplikab, pou pitit mwen ki minè patisipe nan pwogram Healthy Beginnings nan.

Siyati Patisipan An	Non Patisipan An (an lèt detache)	Dat
---------------------	-----------------------------------	-----

Siyati Patisipan An	Non Patisipan An (an lèt detache)	Dat
---------------------	-----------------------------------	-----

Pou minè ki gen mwens pase 18 ane:

Non Timoun Nan	Non Timoun Nan
----------------	----------------

Non Timoun Nan	Non Timoun Nan
----------------	----------------

Non Timoun Nan	Non Timoun Nan
----------------	----------------

Non Timoun Nan	Non Timoun Nan
----------------	----------------

Non Timoun Nan	Non Timoun Nan
----------------	----------------

Siyati Paran/Responsab Legal la	Non Paran/Responsab Legal la	Dat
---------------------------------	------------------------------	-----